9. Три великих сказании Индии. М. Наука 1978.
10. «Рамаяна». Ташкент. 1978.
11. Қоблан. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VIII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1981.
12. Қоблан. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. VIII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1981.
13. Шийрин-Шекер. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. XVII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1987.
14. Бозуғлан. Қарақалпақ фольклоры, көп томлық. XIX том. Нөкис. « Қарақалпақстан.1987.
15. Пропп В.Я. Фольклор и действительност. М. Наука.1972.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада миллий қаҳарманлық дәстанларымызда бийперзентзлик темасы бойынша эпикалық мағлыўматлар ҳаққында сөз етиледи. Дәстанларымызда перзентсиз аталардың ерте дәўирлерден берли ата-бабаларымыздың турмыс дәстүрлеринен орын алып киятырған перзентсизлик мәселесине көзқараслары сәўлеленген. Олардың эпикалық бағдардағы ҳәр қыйлы мотивациялық бирликлерде сәўлеленгенлиги анықланады. Сондай-ақ, басқа да түркий халықлардың соның менен бирге дүнья халықларының фольклор үлгилериндеги перзентсизлик мотивине байланыслы параллеллерди типологиялық салыстырыўлар илимий дәрек сыпатында пайдаланылған.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждаются эпические сведения о бездетности в наших национальных героических эпосах. В наших эпосах отражены взгляды бездетных отцов на вопрос бездетности, который с древних времен занимал место в жизненных традициях наших предков. Установлено, что они отражены в различных мотивационных единицах эпического направления. Кроме того, в качестве научного источника были использованы типологические сравнения параллелей, связанных с мотивом бездетности, в фольклорных образцах других тюркских народов, а также народов мира.

**SUMMARY.** The article discusses epic information about childlessness in our national heroic epics. Our epics reflect the views of childless fathers on the issue of childlessness, which has held a place in the life traditions of our ancestors since ancient times. It has been established that they are reflected in various motivational units of the epic direction. In addition, typological comparisons of parallels related to the motif of childlessness in the folklore samples of other Turkic peoples, as well as the peoples of the world, were used as a scientific source.

# «ER SHORA» DÁSTANÍNDAǴÍ QAHARMANLÍQ OBRAZLAR

**Omarova Anar** – *oqıtıwshı*
**Bekbaulieva Feruza**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** doston, jirov, qo‘shiq, jir, botirlik, meros, qahramonlik, dialog, obraz, terme-to‘lg‘ov.
**Ключевые слова:** эпос, сказитель, песня, эпос, героизм, наследие, героизм, диалог, образ, терме-толғау.
**Key words:** epic, storyteller, song, epic, heroism, heritage, heroism, dialogue, image, terme-tolghau.

Milliy mádeniy miyras úlgileri mazmunında sáwlelengen pikirler jas áwládtı ádeplilik estetikasına tárbiylawda oǵada áhmiyetli rol oynaydı. Ǵárezsizlik jıllarında ruwxıy tárbiyanıń ilimiy, pedagogik tiykarların tiklew, usı maqsette bul orında milliy mádeniy miyras hám de úrp-ádet dástúrlerden únemli paydalanıwǵa bolǵan talap kúsheydi.

Sebebi, siyasiy-mádeniy rawajlanıwlarda ádeplilik tárbiyasın rawajlandırıwda da mámleket bas orında bolıwı hám bul ruwxıy fundamentin tiykarlap beriwi ayrıqsha kórsetip berilgen. [1.7b]

Qaraqalpaq muzıka miyrasları xalıqtıń siyasiy hám tariyxıy rawajlanıwı, etno-psixologik tárepleri, ómirlik tájiriybeleri, siyasiy kóz-qarasları, maqseti hám de onı ámelge asırıw jolında shólkemlestiriletuǵın iskerlik tarawları, shaxsqa tálim-tárbiya beriw dástúrleri tiykarında qáliplesken bolıp, ásirler dawamında tariyxıy basqıshlar tiykarında áwladtan-áwladqa ótip kelmekte. Usı sebepli qaraqalpaq muzıka miyrasları mazmunın tereń úyreniw, olardaǵı sáwlelengen biybaha pikirlerden tálim-tárbiya jolında paydalanıw zárúrligin arttıradı. Álbette óz xalqımızdıń mádeniy tariyxın úyreniw óz aldına bir aktual másele bolıp tabıladı, «Qaraqalpaqlar áyyemgi hám bay tariyxqa iye xalıq. Bul xalıq pútkil dúnyaǵa belgili bolǵan milliy mádeniyatqa, óz milliyligine tán ózgeshe iskusstvosına, klassik ádebiyatına, ruwxıy baylıqlarına, úrp-ádet dástúrlerine iye». [1.7b]

«Ershora» dástanı bir neshe júz jıllar dawamında jırawlar repertuarlarınan belgili orın alıp, xalqımızdıń súyip tıńlaytuǵın bahalı ruwxıy miyrası bolıp keldi. «Ershora» dástanı 1995-jılı S.Bahadırova, Q.Mámbetnazarov tárepinen baspaǵa tayrlanıp kitap bolıp basılıp shıqtı. Bul dástandı qaraqalpaqlar arasında jırlap keńnen taratqan qaraqalpaq xalqınıń atı ańızǵa aylanǵan ataqlı jırawı Nurabılla Qarajan ulı boldı. «Ershora» dástanı tek qaraqalpaq xalqı arasında ǵana emes, qońsılas túrkiy xalıqlardan qazaq, noǵay, qırım, qazan, varvar tatarları arasında da bar.

«Ershora» dástanı qaraqalpaq jırawları repertuarlarınan belgili orın iyeleydi. Sonıń menen qatar, bul dástannıń arab álipbesinde jazılǵan nusqaları da xalıq arasında bolǵan (sawatlı molla hám qıssaxanlarda).

Qazaq xalqınıń belgili alımı Sh.Wáliyxanov noǵaylı dáwiriniń miyrasların qaysı waqıttan baslap dórey baslaǵanı haqqında bılay dep jazadı: «Noǵaylınıń jırları menen ańızları XIV-XVI ásirdegi tariyxıy waqıyalardıń kórkem súwretleniwi». Sonıń menen birge, ol noǵaylı dáwirinen miyras bolıp qalǵan belgili dástanlar «Edige», «Ershora», «Er Kókshe», «Oraq» dep ayta kelip, bulardıń barlıǵı tariyxta bolǵan adamlar ekenligin aytadı. [337].

Dástannıń baslı qaharmanı Er shora. Ol dástanda batır, palwan, márt, aqıllı, xalıqshıl, patriyot, gumanist sıpatında súwretlenedi. Shora gey bir dástanlardaǵıday káramatlı kúshtiń járdemi menen tuwılmaydı. Jay ádettegi adamlar qatarında tuwılıp, batırlıq penen palwanlıq kúshke iye boladı. Dástanda Shoranıń batırlıq hám palwanlıq kúshi jas waqtınan baslap-aq kórine baslaydı. Mısalı, ol qasına qırıq balanı ertip Saǵallı Sarı tawda atların oynatıp júrgeninde ákesi Nárikbaydı at aldına salıp, qamshılap urıp kiyatırǵan elindegi patshanıń biyi Álibiydiń jasawılların kóredi. Buǵan ar-namısı kelgen hám óz ákesin miyirmanlı etip ayaǵan Shora jasawıllardıń qulaq-murnın kesip, pánje urǵanlarınıń iynin julıp aladı. Álibiydiń menmenlik penen islegen zorlıǵına shıdamydı.

Onıń biylik hamalına baylanıslı ózin xalıqlardan joqarı sanap, eldi, xalıqtı búldirip urıs ashpaqshı bolǵanında oǵan: «Ay baba, qaytqıl raydan, qorıqqıl qádir qudaydan»-dep onnan urıstı boldırmawdı soraydı. Buǵan qayılshılıq bermegen Álibiydiń láshkerlerin urısta jeńedi. Batırdıń bundaǵı maqseti barlıq waqıtta elde menmenlik, tákabbır, zorlıq zombılıq, basqınshılıq bolmay, elde ádillik, miyrim-shápáátlik, doslıq, paraxatshılıq ornasa eken degen tilek-ármanlarında boladı. Bul ideyanı ornatıw ushın ol dushpanınan qaharmanlarsha gúresip jeńiske erisedi. Ol elinde urıstıń bolmawın, nahaqtan qan tógilmewin tileydi. Sonıń ushın da, Shora óz elinen shıǵıp, ata-babasınıń tuwılıp ósken mákanı Qazan qalasına atlanıp ketedi. Shoranıń Qazanǵa atlanıp ketkenligin esitken Sultanı Sanjar Mazıxan patshanıń altı aylı aymaq kóleminde jaylasqan xalqın jıynap aytqan mına sózinde onıń batırlıq obrazın tolıqtıradı.

Aǵar suwdıń saǵası dep júr edim,
Qatarda qara narım dep júr edim,
Tuǵırdaǵı suńqarım dep júr edim,
Jaw jaǵımnıń qalası dep júr edim,
Jel jaǵımnıń panası dep júr edim,
Asqar biyik tawım dep júr edim.[23 b].

Mine, bul qatarlardan Shoranıń el-xalqın mápin qorǵaytuǵınlıǵı, olardı qorǵawshı qorǵan sıyaqlı ekenligi kórinip tur. Dástanda Shora batır dúnyaǵa, hámelge qızbaydı. Óziniń arın, namısın, bekkem saqlaydı. Óz sózine berik bir sóyleytuǵın turaqlı batır obrazında tanıladı. Barlıq waqıtta xalıq Shoranı, Shora xalıqtı qollap-quwatlaydı. Jıraw xalıqtı óziniń ańsaǵan armanına, tilegine, kóz-qarasına baylanıslı xalıq qaharmanın bárha jeńiske eristirip otıradı. Shora xalıq penen tıǵız baylanısta boladı. Puxara xalıq ta shın júreginen súyedi. Eldegi jetim-jesir, ǵárip-qáserlerge janı ashıydı. Shora óziniń qıynalǵan waqtında ǵamxorlıq

qılǵan noǵay patshası Omarxanǵa da jawıngershilik xızmet kórsetedi. «Ershora» dástanınıń kompoziciyası qaharmanlıq dástanlarǵa xarakterli bolǵan dástúrli usılda sheberlik penen qurılǵan. Dástanda el-xalıqtı basqınshı jawlardan qorǵaw yaǵnıy ádillik penen zulımlıqtıń gúresi, bul gúreslerdegi qaharmanlıq, mártlik, sonıń menen birge xalıqlar arasındaǵı doslıq-miriwbetlik, waqıyalardıń tiykarǵı ózegin quraydı. Bunda hár bir waqıya bir-biri menen baylanısqan, bir nársege ekinshisi sebep bolıp waqıyalar shiyelenisip rawajlanıp otıradı. Jıraw haqarmanlıqtı dástannıń negizgi tiregi etip, onı hár túrli waqıyalar arqalı, qaharmanlıqlardıń qıyınshılıqlardı, tosqınlıqlardı qalay jeńiwlerin súwretlew menen olardıń minez-qulqı, adamgershilik hám basqa ad sıpatların ashıp beredi. «Ershora» dástanınıń jır qurılısına keletuǵın bolsaq, bul qaharmanlıq dástanlarǵa xarakterli bolǵan terme-tolǵaw formasındaǵı jeti-segiz buwınlı qosıqlardan turadı. Dástanda jeti-segiz buwınlı qosıqlar basım keledi. On bir, on eki buwınlı, tórt qatarlı qosıqlar az ushırasadı. Dástanda terme-tolǵaw formasındaǵı jeti-segiz buwınlı qosıqlar kóbinese waqıyalardı yamasa is-háreketlerdi bayanlap, sıpatlap kórsetiw ushın qollanılǵan. Bul aytılǵan usıllar dástannıń basınan aqırına shekem bir qálipte saqlanbaǵan. Sebebi, dástandaǵı dialoglar jeti-segiz buwınlı qosıq qatarlarınan ibarat bolıp ta keledi. Dástandǵı jeti-segiz buwınlı qosıq qatarlarınan uyqasıw túrleri hár qıylı. Bunda uyqaspaytuǵın bir neshe qatarlardıń toparı, juplasqan hám dara uyqaslardıń járdemi menen qosıq qatarlarına birigedi.

Mısalı:

Gá qılısh, gá nayzaǵa,
Belli ǵayrat qıladı,
Láshkerlerdiń ishinen,
Sen tárepten bizler dep.
Neshshesi qıyqıy saladı.
Nayzakesh ullı palwanlar,
Nayzaların ılaqtırıp,
Qol kóterip turadı. [18 b].

Bul segiz qatar qosıqta ekinshi qatar, besinshi qatar menen, al besinshi qatar segizinshi qatarǵa uyqasıp ortańǵı qatarlardı bir túsinikke jámlep tur. Dástannıń qosıq qurılısınıń ekinshi bir túri-on bir-on eki buwınlı, tort qatarlı qosıqlar bolıp keledi. Bul qosıqlar a, a, b, a uyqasında ushrasadı.

Urandashıń xanlar menen júrerseń,
Ájel jetse ǵumra bende ólerseń,
Tayaǵıń iynińde, qoydıń keyninde,
Jalǵızlıǵım shopan qaydan bilerseń.[30 b].

yamasa:

Tulpardayın men boyımdı jasırdım,
Búginligin dawısım tawdan asırdım,
Bul sózimdi qup tıńlaǵıl aǵalar,
Qálpe edim suńqarımdı qashırdım.[112 b].

Bunday on bir buwınlı tórt qatarlı qosıqlar menen qaharmanlardıń ishki sezimleri hám olardıń dialogları júdá sulıw orınlı berilgen. «Ershora» dástanında erte dáwirden dástúr bolıp kiyatırǵan súwretlew quralları, jáne qosıq túrleri keńnen qollanılǵan. Dástannıń ideyalıq mazmunı xalıqlıq bolǵanı sıyaqlı jırdıń qurılısında xalıqtıń ushqır qıyalǵa tolı, kútá tásirli hám kórkem tili menen berilgen. Haqıyqatında dástannıń bul aytılǵan sıpatlı belgileri, onı xalıqtıń eń súyikli hám ájayıp dóretpeleriniń birine aylandırǵan dep túsiniw kerek.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Z.Askarova. Qaraqalpaq muzıka miyraslarınıń tariyxıy rawajlanıwı. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı. №2. 2025
2. Q.Jarimbetov., J.Nzamatdinov, I.Allambergenova. “Qaraqalpaq folklorı”. Toshkent-2018 j.
3. V.M.Jirminskiy “Tyurkskiy geroicheskiy epos”. Leningrad. 1974 g.
4. Q.Ayımbetov “Xalıq danlıǵı”. Nókis. 1988 j.
5. “Er shora”. Qaraqalpaq xalıq dástanı. Nókis. “Qaraqalpaqstan”. 1995 j.23 bet.

**REZYUME.** “Ersho‘ra” dostoni bir necha yuz yillar davomida jirovlar repertuarlaridan munosib o‘rin olib, xalqimizning sevib tinglaydigan qimmatli ma’naviy merosi bo‘lib keldi. Dostonning bosh qahramoni Er Sho‘ra. U dostonda botir, pahlavon, mard, aqlli, xalqparvar, vatanparvar, gumanist sifatida tasvirlanadi. Sho‘ra ba’zi dostonlardagi kabi karomatli kuchning yordami bilan tug‘ilmaydi. Jay oddiy odamlar qatorida tug‘ilib, botirlik va pahlavonlik kuchiga ega bo‘ladi. Dostonda Sho‘roning botirlik va pahlavonlik kuchi yoshligidanoq ko‘rina boshlaydi.

**РЕЗЮМЕ.** На протяжении нескольких столетий эпос “Эршора” занимал видное место в репертуарах сказителей и оставался любимым и ценным духовным наследием нашего

народа. Главный герой эпоса Эр Шора. В эпосе он изображается как герой, богатырь, храбрый, умный, народный, патриотичный и гуманист. Шора не рождается с помощью чудотворной силы, как в некоторых эпосах. Родившись среди обычных людей, Дой приобретает силу храбрости и мужества. В эпосе отвага и сила Чоры проявляются с юных лет.

**SUMMARY.** For several centuries, the "Ershora" epic held a prominent place in the repertoires of storytellers and remained a beloved and valuable spiritual heritage of our people. The main character of the epic is Er Shora. In the epic, he is depicted as a hero, a bogatyr, brave, intelligent, people-oriented, patriotic, and humanist. Shora is not born with the help of a miraculous force, as in some epics. Having been born among ordinary people, Doi gains strength of courage and bravery. In the epic, Chora's courage and strength are manifested from a young age.

# ӘДЕБИЙ ДӘСТҮРЛЕР ҲӘМ ЖАЛҒАС ТҮСИНИКЛЕРИНИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТАЛЛАНЫЛЫЎЫ ҲӘМ ОНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА ТАРИЙХЫЙ НЕГИЗЛЕРИ

**Даулетмурат Пахратдинов –** *ф.и.к. доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдений институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** әдебият, әдебий процесс, образлар, әдебий байланыс, синкретизм, көркемлик еволюциясы, аўызеки дәстүр, миллий өзлик, әдебий трансформация.

**Ключевые слова:** литература, литературный процесс, образы, литературная коммуникация, синкретизм, художественная эволюция, устная традиция, национальное самосознание, литературная трансформация**.**

**Key words:** literature, literary process, images, literary communication, syncretism, artistic evolution, oral tradition, national identity, literary transformation.

Әдебий дәстүр әдебият тарийхында үзиликсизликти тәмийнлеўши әҳмийетли эстетикалық ҳәм теориялық категория есапланады. Ол белгили бир халық яки әдебий мектеп әтирапында әсирлер даўамында пайда болған көркем ой тәжирийбесин, поэтикалық қағыйдаларды, образлар системасын ҳәм методикалық өзгешеликлерин өз ишине алады. [1] Дәстур әдебий процессте тек тәкирарланыў емес, ал жаңаланыў ушын шараят жарататуғын көркем негиз сыпатында көринеди. Әдебияттаныўда жалғас түсиниги дәстүрдиң тарийхый даўамыйлығын көрсетиўши категория сыпатында белгили. Жалғасыў арқалы әдебий тәжирийбе әўладтан әўладқа өтеди, жаңа социаллық-тарийхый шараятларда қайта аңланады ҳәм жаңа эстетикалық мазмун пайда етеди. [2] Сонлықтан жалғасыўды механикалық көшириў яки әпиўайы еликлеў сыпатында емес, бәлки дөретиўшилик өзлестириў процеси сыпатында баҳалаў лазым. Дәстүр ҳәм жалғас мәселеси әдебият тарийхының диалектикалық нызамлылықлары менен үзликсиз байланыста. Жаңаланыў дәстүрден үзилген ҳалда пайда болмайды, керисинше, ол сол поэтикалық тәжирийбениң өзлестирилиўи арқалы әмеле асады. [3] Сол көзқарастан, ҳәр бир жаңа әдебий басқыш өзинен алдынғы тәжрийбени инкар етпейди, бәлки оның ең жемисли тәреплерин сақлаған ҳалда раўажландырады. Әдебий жалғас әдебияттың түрли дәрежелеринде пайда болады. Олар қатарына тематикалық жақтан жалғасыў, жанрлық даўамыйлық, стильлик дәстүрлер, образлар системасы ҳәм поэтикалық пикирлеў өзгешеликлерин киритиў мүмкин. [4] Мәселен, халық тәғдири, Ўатан, инсан ҳәм жәмийет мүнәсебетлери киби улыўма инсаный темалар түрли дәўир поэзиясында ҳәр түрли поэтикалық формаларда пайда болса да, олардың идеологиялық-эстетикалық тамырлары дәстүрий санаға барып тақалады. Түркий халықлар әдебияты